

KATRIYÈM PATI

Priyè krétyin-an

DÉZIÈM SÉKSION

Priyè Granmèt-la : « Papa-nou ! »

ATIK 3

Sèt démann-yo

- 2803 Apré nou vîn dévan Bondié Papa-nou pou nou adoré-l, rinmin-l épi
2627 béni-l, Éspri ki fè nou pitit-la fè sèt démann, sèt bénédiksion, monté sot
nan kè-nou. Toua premié-yo, ki plis an rapò ak Bondié, ralé nou nan gloua
Papa-a, kat dènié-yo, tankou chémin pou n-al jouinn li, prezanté mizè-nou
bay lagras li-a. « Bafon-an rélé bafon-an » (Ps 42, 8).
- 2804 Premié mouvman-an poté nou al jouinn li, poutèt li-minm : Non-OU,
Rouayòm OU, volonté-OU ! Karaktéristik pròp rinmin-an sé toudabò
pansé osijè sa-a nou rinmin-an. Nan chak toua démann sa-yo, nou pa
nonmin « nou », min sa-k pran nou sé yon « anvî k-ap boulé », yon « kè
séré » minm, sa Pitit yo rinmin-an ginyin pou gloua Papa-l la (cf. Lc 22,
14 ; 12, 50) : « Sé pou yo respékté (sanktifié) [...]. Sé pou-l vini [...]. Sé
pou-l fèt... » : toua siplikasion sa-yo nan sakrifis Kris Sovè-a yo déjà
kouté yo, min apati la yo dirijé nan akonplisman final yo-a nan espérans-
la, tout tan Bondié poko tout bagay nan tout moun (cf. 1 Co 15, 28).
- 2805 Dézièm group démann-yo dévlopé nan mouvman kèk Épiklèz
1105 ékaristik : sé ofrann sa n-ap tann-yo épi sa atiré jé Papa mizérikòd-yo.
Ofrann-nan monté sot nan nou épi li régadé sa nou bézouin déjà kounié-a
sou tè sa-a : « Ba *nou* [...] ; padoné *nou* [...] ; pa kité *nou* pran [...] ;
délivré *nou*... ». Katriyèm ak sinkièm démann-yo konsèné lavi-a kòm
lavi, soua pou nourî-l, soua pou géri péché-a ; dé dènié-yo konsèné konba
pou viktoua lavi-a, konba pou priyè-a li-minm.
- 2806 Ak toua premié démann-yo nou rafèmi nan lafoua-a, nou ranpli ak
1656-2658 espérans-la épi charité-a limin nan nou. Sé créati nou yé épi nou péchè
toujou, nou doué mandé pou nou-minm, dapré paròl « nou » sa-a nan
mézi tè-a ak istoua-a, nou-minm k-ap ofri nou bay rinmin san mézi

Bondié nou-an. Réyèlman Papa nou-an, gras a Non Kris li-a épi Rouayòm Éspri-Sin li-an, réyalizé projè salu-a pou nou épi pou tout tè-a.

2142-2159

I. « Sé pou yo respékté (sanktifié) Non-ou »

2807 Vèb « sanktifié »-a yo doué konprann li la-a, pa nan sans yon koz (sé Bondié sèl ki sanktifié, ki fè vîn sin), min pito nan sans yon aprésiasion :
 2097 rékonèt kòm sin, trété-l yon fason ki sin. Konsa nan adoration-an, invokasion sa-a kèk foua yo konprann li kòm yon louanj épi yon aksion-d-gras (cf. Ps 111, 9 ; Lc 1, 49). Min Jézu aprann nou démann sa-a sou fòm kichòy yo souété : yon démann, yon dézi, yon atant koté Bondié ak mounnan konékté ansanm. Dépi premié démann priyè-a nou plonjé nan intimité mistè sa-l yé kòm Bondié-a épi nan dram k-ap sové nou kòm mounnan. Mandé pou yo sanktifié (respékté) Non-l angajé nou nan « bon plézi-l, sa-l té ranjé davans nan li »-a (Ep 1, 9), « pou nou té kapab sin, san tach dévan fas-li nan rinmin-an » (cf. Ep 1, 9. 4).

2808 Nan moman désizif Déroulman projè-l la (Économie), Bondié révéle
 203, 432 Non-l, min li révéle-l antan li réyalizé travay li-a. Travay sa-a minm pap réyalizé pou nou épi nan nou si sé pa nou-minm ki sanktifié Non-l épi si sé pa nan nou-minm li sanktifié.

2809 Fason Bondié sin-an sé yon pouin santral mistè li-a dépi anvan tout
 293 tan, nou pa kapab rivé ladan-l. Sa-k manifésté parapò a sa nan kréasion-an épi nan istoua-a, Sint-Ékritu-a rélé-l *gloua*, ékla grandè-l (cf. Ps 8 ; Is 6, 3). Antan Bondié fè mounnan « dapré pòtré-l ak résanblans »-li (Gn 1, 26), li kouroné-l ak *gloua* (Ps 8, 6), min antan mounnan fè péché, li « pa gin *gloua* Bondié-a » (Rm 3, 23). Dépi lè sa-a Bondié montré fason li sinan antan li révéle épi li bay mounnan Non li-an, pou-l réstoré-l « dapré pòtré sa-a ki té kréyé-l la » (Col 3, 10).

2810 Nan Promès li té fè bay Abraam-nan épi nan sèman ki akonpagné-l la
 63 (cf. He 6, 13), Bondié té angajé pròp tèt-li san-l pa dévoualé Non-l. Li kòmansé révéle-l bay Moyiz (cf. Ex 3, 14) épi li té manifésté-l nan jé tout pèp-la antan-l sové-l anba Éjipsyin-yo : « Li tiré *gloua* anpil » (Ex 15, 1). Apré Alians nan Sinayi-a, pèp sa-a vîn « pou li » épi li doué yon « nasion sin » (sètadi konsakré, sé minm paròl-la nan lang ébré-a : cf. Ex 19, 5-6) paské Non Bondié abité nan li.

2811 Poutan, malgré Laloua ki sin Bondié ki sin-an ba li yon foua épi lòt
 2143 foua (cf. Lv 19, 2 : « Sé pou nou sin, paské mouin minm mouin sin, Granmèt Bondié nou-an »), épi minm si Granmèt-la « poutèt Non-li ki sin-an » aji avèk pasians, pèp-la viré do bay Sin Israël-la épi li té « sal Non-l ki sin-an nan nasion-yo » (cf. Ez 20 ; 36). Sé poutèt sa moun ki kòrèk nan Ansyin Alians-la, pòv-yo ki té tounin sot an égzil-la épi Profèt-yo t-ap boulé ak pasion pou Non li-a.

- 2812 Finalman, sé nan Jézu yo pral révéle nou Non Bondié ki sin-an épi ba nou-l, nan chè-a, kòm Sovè (cf. Mt 1, 21 ; Lc 1, 31) : li révéle apati sa li-minm li yé-a, apati paròl li-a épi apati sakrifis li-a (cf. Jn 8, 28 ; 17, 8 ; 17, 17-19). Sé sa ki kè priyè sasèrdotal li-a : Papa ki sin « mouin konsakré tèt mouin pou yo, pou yo minm tou yo kapab sanktifié nan vérité-a » (Jn 17, 19). Sé paské Jézu « sanktifié » Non-l (cf. Ez 20, 39 ; 36, 20-21) ki fè li « manifésté » nou Non Papa-a (Jn 17, 6). Alafin Pak li-a, Papa-a ba li Non ki anlè tout non-an : Jézu sé Granmèt nan gloua Bondié Papa-a (cf. Ph 2, 9-11).
- 434
- 2813 Nan dlo Batèm-nan, « nou lavé, nou vîn sin, [...] nou vîn kòrèk o non Granmèt nou Jézu-Kri ak nan Éspri Bondié nou-an » (1 Co 6, 11). Pandan tout lavi-nou, Papa-nou rélé nou « pou nou vîn sin » (1 Th 4, 7), épi paské « sé gras a li nou nan Kris Jézu, ki vîn tounin [...] sanktifikasyon pou nou » (1 Co 1, 30), késion-an sé osijè gloua li-a épi lavi nou-an nan li pou Non li-an kapab sanktifié nan nou épi pou sé nou ki fè sa. Sé sa k-ap pousé prémié démann nou-an.
- 2013
- « Dayè, kilès ki t-a kapab sanktifié Bondié, li-minm ki fè vîn sin-an » Min poutèt li-minm li di : “Sé pou nou sin paské mouin-minm mouin sin” » (Lv 20, 26), nou mandé épi nou priyé pou nou minm ki sanktifié nan Batèm-nan, nou pèsévéré nan sa nou kòmansé yé-a. Épi chak jou nou mandé sa. Réyèlman sé chak jou nou bézouin vîn sin-an, pou nou-minm ki fè fot chak jou, nou nétouayé anba fot nou-yo ak yon sanktifikasyon san rété. [...] Nou priyé pou sanktifikasyon sa-a kapab rété nan nou » (S. Cyprien, Dom. orat. 12 : PL 4, 526A-527A).
- 2814 Sa dépann dé *lavi-nou* ak *priyè-nou* san séparasyon posib pou Non-l sanktifié nan nasion-yo :
- 2045
- « Nou mandé Bondié pou-l sanktifié Non-l, paské sé ak fason li sin-an li sové épi sanktifié tout kréatu. [...] Sé Non sa-a ki sové tè-a ki té pèdi-a. Min nou mandé pou Non Bondié sanktifié nan nou *ak aksion nou*. Réyèlman, lè nou byin aji nou béni Non Bondié, lè nou mal aji nou blasfémé. Tandé Apot-la k-ap di : “Non Bondié réyèlman akòz nou, yo blasfémé-l nan nasion-yo” (Rm 2, 24 ; Ez 36, 20-22). Nou priyé donk, nou priyé pou nou mérité sin nan konpòtman-nou otan Non Bondié sin-an » (S. Pierre Chrysologue, serm. 71 : PL 52, 402A).
- « Lè nou di : “Sé pou Non-ou sanktifié”, n-ap mandé pou li sanktifié nan nou, ki nan li, épi an minm tan nan lòt-yo, sa-yo k-ap tann lagras Bondié-a toujou, pou yo obéyi kòmandman-an *antan nou priyé pou tout moun*, minm pou ènmi nou-yo. Sé pou sa fraz-la pa fini antan l-ap di : sanktifié “nan nou”, min nou di nan tout moun » (Tertullien, or. 3).
- 2815 Démann sa-a ki anbrasé tout moun, yo kouté-l nan *priyè Kris-la*, minm jan ak lòt sis démann ki suiv-yo. Priyè ki adrésé bay Papa-nou-an sé priyè-nou, si nou priyé-l *nan Non Jézu* (cf. Jn 14, 13 ; 15, 16 ; 16, 24. 26). Nan priyè sasèrdotal li-a, Jézu mandé : « Papa ki sin, konsèvé yo nan Non-ou la, yo-minm ou té ban mouin-an » (Jn 17, 11).
- 2750

II. « Sé pou Rouayòm ou-an rivé » (« Sé pou yo rékonèt sé ou ki roua »)

- 2816 Nan Nouvo Téstaman-an, yo kapab tradui minm paròl-la *basileia*-a
 541 kòm « rouayoté » (non abstrè), « rouayòm » [« péyi-roua »] (non konkrè)
 2632 oubyin « règn » (non aksion-an). Rouayòm Bondié-a égzisté anvan nou.
 560 Nan Paròl-la ki pran chè-a li té vîn pi pré, nan tout Évanjil-la yo té
 1107 anonsé-l, nan lanmò ak rézireksion Kris-la li rivé. Rouayòm Bondié-a rivé
 dépi apati Soupé ki sin-an épi, nan Ékaristi-a, li nan mitan nou. Rouayòm-
 nan ap rivé nan gloua-a, lè Kris-la ap rimmèt li bay Papa-l :
- « Li posib minm [...] pou sé Kris-la li-minm ki Rouayòm Bondié-a n-ap
 mandé pou rivé chak jou-a, sa nou souété pou Avènman-l nan vîn prézan
 tousuit pou nou. Réyèlman kòm li sé Rézireksion-an, paské sé nan li n-ap
 résisité, konsa tou yo kapab konprann li kòm Rouayòm Bondié-a, paské nan
 li nou gin pou nou régné (kòmandé kòm roua) » (S. Cyprien, Dom. orat. 13 :
 PL 4, 527C-528A).
- 2817 Démann sa-a, sé « *Marana Tha* »-a, rèl Éspri-a épi Épouz-la : « Vini,
 451, 2632, Granmèt Jézu » :
 671
- « Minm si sa pa-t déjà détèminé nan priyè-a pou nou mandé Avènman
 Rouayòm-nan, nou t-ap pousé rèl sa-a kanminm antan n-ap fè vit pou nou
 anbrasé éspérans nou-an. Anvi nanm mati-yo anba lotèl-la ap rélé kot
 Granmèt-la : “Jouskilè, Granmèt, ou pap vanjé san-nou sot nan min sa-k
 abité sou tè-a ?” (Ap 6, 10). Réyèlman sé sètènman nan fin sièk-la vanjans
 yo-a ap rivé. Pi plis sé pou-l rivé pi vit posib Rouayòm ou-an, Granmèt »
 (Tertullien, or. 5).
- 2818 Nan priyè Granmèt-la kèsion-an sé sitou osijè Avènman final
 769 Rouayòm Bondié-a gras a rétou Kris-la (cf. Tt 2, 13). Min dézi sa-a pa fè
 l’Égliz-la viré do bay mision-l sou tè sa-a, sé pi plis li angajé-l ladan-l.
 Paské dépi Pantkot-la, Avènman Rouayòm-nan sé travay Éspri Granmèt-
 la, « k-ap fè travay li-a fin apouin sou tè-a antan li akonpli tout
 sanktifikasyon » (« Sé li k-a fè tout moun fin tounin zanmi Bondié nè »)
 (MR, prière eucharistique IV).
- 2819 « Péyi-roua Bondié-a, [...] [sé] jistis épi lapè, épi kè kontan nan Éspri-
 2046 Sin » (Rm 14, 17). Dènié tan-yo, koté nou yé-a, sé tan yo vidé Éspri-Sin-
 2516 an. Dépi lè sa-a gin yon konba définitif ki angajé ant « lachè-a » ak Éspri-
 a : (cf. Ga 5, 16-25) :
- 2519 « Sé yon kè pròp ki gin doua di ak konfians : “Sé pou Rouayòm ou-an rivé”
 (Sé pou yo rékonèt sé ou ki roua). Moun ki té tandé Pòl k-ap di : “Pa kité
 péché-a kòmandé nan kò-nou k-ap mouri-a” (Rm 6, 12) ; épi ki kinbé tèt-li
 pròp nan aksion-l, nan sa-l pansé ak nan paròl-li ; sé li-minm ki gin pou di :
 “Sé pou Rouayòm ou-an rivé” (Sé pou yo rékonèt sé ou ki roua) » (S. Cyrille
 de Jérusalem, catech. myst. 5, 13 : PG 33, 1120A).

- 2820 Antan yo disèné dapré Éspri-a, krétyin-yo doué distingé ant kouasans
1049 Rouayòm Bondié-a épi progrè kilti ak sosiété koté yo yé-a. Distinksiyon sa-a pa yon séparasion. Vokasion moun-nan pou lavi pou tout tan-an pa éliminé, okontrè, sé ranfòsé li ranfòsé dévoua li ginyin pou-l mété fòs li-yo an pratik ansanm ak mouayin li résevoua nan min Kréatè-a pou-l sèvi tè-a nan jistis ak lapè (cf. GS 22 ; 32 ; 39 ; 45 ; EN 31).
- 2821 Démann sa-a, yo soutni-l épi yo kouté-l nan priyè Jézu-a (cf. Jn 17, 17-
2746 20), ki prézan épi éfikas nan Ékaristi-a ; li poté frui nan nouvo lavi dapré béatitud-yo (cf. Mt 5, 13-16 ; 6, 24 ; 7, 12-13).

III. « Sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl-la »

- 2822 Sé volonté Papa nou-an pou « tout moun sové, pou yo rivé nan
851 konésans vérité-a » (1 Tm 2, 3-4). « Sé avèk pasians l-ap aji [...], paské li
2196 pa vlé pou kèk t-a péri » (2 P 3, 9 ; cf. Mt 18, 14). Kòmandman-l nan ki rézimé tout lòt-yo épi ki éksprimé tout volonté-l pou nou, sé pou nou rinmin youn lòt, minm jan li-minm li té rinmin nou-an (Jn 13, 34 ; cf. 1 Jn 3 ; 4 ; Lc 10, 25-37).
- 2823 Li « fè nou konnin mistè volonté-l, dapré bon plézi-l, sa-l té ranjé
59 davans nan li, [...] réprann tout bagay nan tèt nan Kris-la [...] ; sé nan li-minm minm yo té rélé nou kòm éritié, nou minm yo té mété apa dépi davans, sélon désizyon-l k-ap kondui tout bagay sélon plan volonté li-a » (Ep 1, 9-11). Ak insistans n-ap mandé pou projè byinvéyans sa-a réalizé aplin sou tè-a minm jan li déjà fèt nan sièl-la.
- 2824 Volonté Papa-a réalizé ala pèfeksion épi yon sèl foua pou tout tan nan
475 Kris-la, palintèmediè volonté-l té ginyin kòm moun-nan. Jézu, antan l-ap antré sou tè sa-a, té di : « Min m-ap vini, [...] Bondié, pou-m fè volonté-ou » (He 10, 7 ; Ps 40, 7). Sé Jézu sèl ki kapab di : « Mouin minm sé sa-k fè-l plézi sé sa mouin fè tout tan » (Jn 8, 29). Nan priyè agoni li-an, li bay konsantman-l totalman pou volonté sa-a : « Sé pa volonté pa-m, min sé pa-ou la ki pou fèt » (Lc 22, 42 ; cf. Jn 4, 34 ; 5, 30 ; 6, 38). Sé pou rézon sa-a ki fè Jézu « bay pròp tèt li pou péché nou-yo [...] dapré volonté Bondié » (Ga 1, 4). « Sé nan volonté sa-a nou vîn sin gras a kado kò Jézu-Kri ki ofri tèt-li yon foua pou tout » (He 10, 10).
- 2825 Jézu, « malgré sé Pitit li té yé-a, li té aprann obéyisans nan sa-l soufri
615 yo » (He 5, 8). Pi plis toujou pou nou-minm, créatu épi péchè, ki vîn tounin pitit adoptif nan li. N-ap mandé Papa nou-an, pou-l fè volonté-nou fè youn ak volonté Pitit li-a pou nou kapab akonpli volonté-l, projè sové li ginyin pou lavi tè-a. Yon fason radikal, nou pa kapab fè sa, min si nou fè youn ak Jézu épi ak puisans Éspri-Sin-an nou kapab rinnèt volonté-nou ba li épi désidé chouazi sa Pitit li-a té toujou chouazi-a : fè sa-k fè Papa-a plézi (cf. Jn 8, 29) :

« Antan nou rété kolé sou Kris-la, nou kapab tounin yon sèl éspri avèk li, épi konsa akonpli volonté-l pou, minm jan li fèt nèt nan sièl-la, konsa li fèt nèt tou sou tè-a » (Origène, or. 26).

« Gadé kijan [Jézu-Kri] aprann nou aji ak modésti, antan-l montré fòs-la pa dépann sèlman dé éfò n-ap fè, min tou dé lagras ki sot anro-a. Konsa tou li bay lòd pou chak moun k-ap priyé pou kont-li poté inkiétid tout tè-a. Ni li pa-t di, “Sé pou volonté-ou fèt” nan mouin, oubyin nan nou ; “min toupatou sou tè-a”, pou èrè-a dérasinin épi vérité-a planté, pou tout injistis éliminé, pou vèrtu-a réfléri, épi nan dévlopé vèrtu-a anyin minm pa fè tè-a diféran parapò a sièl-la » (S. Jean Chrysostome, hom. in Mt. 19, 5 : PG 57, 280B).

2826 Sé nan priyè-a nou kapab disèné kisa ki volonté Bondié (Rm 12, 2 ; Ep 5, 17) épi rivé jouinn pasians pou réalizé-l (He 10, 36). Jézu aprann nou sé pa ak paròl moun antré nan sièl-la, min antan yo fè « volonté Papa-m ki nan sièl-yo » (Mt 7, 21).

2827 « Si yon moun [...] fè volonté Bondié, moun sa-a li kouté-l » (Jn 9, 31 ; cf. 1 Jn 5, 14). Sé kalité puisans sa-a priyé l’Égliz-la ginyin nan non Granmèt li-a, sitou nan Ékaristi-a ; li sé yon kominion nan intèsésion-an avèk Manman Bondié ki sin anpil-la (cf. Lc 1, 38. 49) épi tout sin-yo ki té fè Granmèt-la « plézi » paské yo pa-t vlé anyin dèt pasé volonté-l :

796 « Sa pap kontrè ak vérité-a si nou t-a konprann “Sé pou volonté-ou fèt tankou nan sièl-la konsa sou tè-a”, minm jan nan Granmèt-nou Jézu-Kri, konsa tou nan l’Égliz-la : tankou nan mésié-a ki fè volonté Papa-a, konsa nan madanm-nan ki marié avèk li-a » (S. Augustin, serm. Dom. 2, 6, 24 : PL 34, 1279).

IV. « Pin nou bézouin chak jou-a ba nou li jodi-a »

2828 « *Ba nou* » : li bèl, konfians pitit sa-yo k-ap tann tout bagay nan min Papa yo-a : « Li fè solèy li-a lévé sou méchan-yo ak sou bon-yo, épi li fè lapli tonbé sou sa-k kòrèk-yo ak sou sa-k pa kòrèk-yo » (Mt 5, 45) épi li bay tout vivan-yo « manjé nan tan yo » (Ps 104, 27). Jézu anségné nou démann sa-a : réyèlman vré li bay Papa nou-an gloua, paské li rékonèt konbyin li bon dépasé tout bonté.

2829 « Ba nou » sé ékspresion Alians-la tou : Nou pou li épi li-minm li pou nou. Min paròl sa-a « nou »-an rékonèt li tou kòm Papa tout moun-yo épi n-ap mandé-l pou yo tout, nan solidarité ak sa yo bézouin épi ak soufrans yo.

2830 « *Pin nou* »-an. Papa-a ki ba nou lavi-a pa kapab pa ba nou nouritu ki nésésè pou lavi-a, tout sa-k byin « ki konvnab », matérièl épi spirituèl. Nan prèch sou mòn-nan, Jézu insisté sou konfians sa-a kòm pitit ki kolaboré ak Providans Papa nou-an (cf. Mt 6, 25-34). Li pa pousé nou

ditou nan chita pa fè anyin (pasivité) (cf. 2 Th 3, 6-13) min li vlé libéré nou anba tout kè séré ak kè soté épi tout préokipasion. Sé konsa pitit Bondié-yo rinnèt tèt-yo nèt ba li :

- 227 « Pou moun-yo k-ap chèché Rouayòm ak jistis Bondié-a li promèt l-ap bay tout bagay an plis : réyèlman kòm tout bagay sé pou Bondié, moun ki gin Bondié pa manké anyin, si li-minm li pa bay Bondié ratman » (S. Cyprien, Dom. orat. 21 : PL 4, 534A).
- 2831 Min prézans sa-k grangou-yo paské yo pa gin mouayin, révéle yon lòt profondè démann sa-a. Trajédi grangou-a sou tè-a rélé krétyin-yo k-ap priyé an tout vérité, pou yo pran résponsabilité ki éfikas aléga frè yo, ni nan konpòtman pèsonèl yo ni nan solidarité ak fanmi lèzòm-nan. Démann sa-a nan Priyé Granmèt-la, yo pa kapab séparé-l ak parabòl pòv Lazar-la (cf. Lc 16, 19-31) épi ak dènié Jijman-an (cf. Mt 25, 31-46).
- 1038
- 2832 Tankou yon lévin nan pat-la, nouvoité Rouayòm-nan doué soulvé tè-a ak Éspri Kris-la (cf. AA 5). Li doué manifésté nan jistis ki établi nan rélasyon pèsonèl-yo épi sosial-yo, ékonomik-yo épi intènasional-yo, san yo pa bliyé pap gin òganizasyon ki kòrèk si pa gin moun ki vlé kòrèk.
- 1928
- 2833 Sé yon kèsion pin-« nou », « youn » pou « pliziè ». Béatitud vèrtu kondision pòv-la sé kominion : li rélé pou kominiké épi patajé byin matérièl épi spirituèl-yo, pa antan y-ap fòsé moun, min poutèt rinmin-an, pou sa-k ginyin anpil-yo tounin yon rémèd pou lòt ki nan bézouin-yo (cf. 2 Co 8, 1-15).
- 2790, 2546
- 2834 « Priyé épi travay » (cf. S. Benoît, reg. 20 ; 48). « Priyé kòm si tout bagay dépann dé Bondié, épi konsa travay kòm si tout bagay t-a dépann dé ou » (Attribué à Ignace de Loyola ; cf. Pierre de Ribadeneyra, *Tractatus de modo gubernandi Sancti Ignatii* 6, 14). Apré nou fin fè travay-nou, nouritu-a toujou rété yon kado Papa-nou ; li bon pou nou mandé-l li, épi pou nou di-l mèsè pou sa. Sé signifkasyon bénédiksyon tab-la nan fanmi krétyin-an.
- 2428
- 2835 Démann sa-a épi résponsabilité ki gin ladan-l nan, gin valè tou pou yon lòt grangou k-ap fè moun-yo déperi : « Sé pa sou pin sèlman moun-nan viv, min sou tout paròl ki soti nan bouch Bondié » (Dt 8, 3 ; Mt 4, 4), sètadi, Paròl li-a, Éspri li-a. Krétyin-yo doué mété tout éfò-yo pou « anonsé bòn nouvèl-la bay pòv-yo ». Gin yon grangou sou tè-a, « sé pa grangou pin, ni souaf dlo, min pou kouté paròl Granmèt-la » (Am 8, 11). Sé sa-k fè, signifkasyon krétyin spésial katriyèm démann sa-a gin rapò ak Pin lavi-a : Paròl Bondié-a yo gin pou akéyi nan lafoua-a, Kò Kris-la pou yo résévoua nan Ékaristi-a (cf. Jn 6, 26-58).
- 2443
- 1834
- 2836 « *Jodi-a* » sé yon paròl konfyans tou. Granmèt-la anségné nou li (cf. Mt 6, 34 ; Ex 16, 19) ; prézonpsion-nou (arogans-nou) pa t-a kapab jouinn li. Kòm sé sitou osijè Paròl li-a kèsion-an yé épi Kò Pitit li-a, « jodi » sa-a
- 1165

sé pa sèlman jou tan nou-an k-ap mouri-a : sé « Jodi » [ki prézans] Bondié-a :

« Si ou résévoua chak jou, chak jou sé jodi pa-ou la. Si Kris-la pou ou jodi-a, chak jou ou résisité. Kijan ? “ Sé pitit mouin ou yé ; sé mouin minm jodi-a ki anfanté-ou” (Ps 2, 7). Jodi-a donk sé lè Kris-la résisité-a » (S. Ambroise, sacr. 5, 26 : PL 16, 453A).

2837 « *Chak jou-a* ». Mo sa-a, *épiouios*, yo pa anplouayé-l lòt koté nan
2659 Nouvo Téstaman-an. Si yo pran-l nan yon sans tanporèl, li ta yon
répétision pédagojik « jodi-a » (cf. Ex 16, 19-21) pou ranfòsé konfians
2633 « san rézèv »-la nan nou. Si yo pran-l nan yon sans kalitatif, li vlé di sa-k
nésésè pou lavi-a, épi osans laj tout byin ki pèmèt kinbé égzistans-la (cf. 1
Tm 6, 8). Si yo pran-l litéralman (*épiouios* : « ki anlè égzistans-la »), li
1405 indiké dirèktéman Pin lavi-a, Kò Kris-la, « rémèd imòtalité-a » (S. Ignace
d’Antioche) nou pa gin lavi nan nou san li-a (cf. Jn 6, 53-56). Min, si yo
1166 kinbé-l ansanm ak paròl ki vîn anvan-an, signifkasion sièl-la parèt klè :
« jou » y-ap palé dé li-a, sé jou Granmèt-la, Résépsion Rouayòm-nan, ki
1389 antisipé nan Ékaristi-a ki déjà yon avangou Rouayòm-nan k-ap vini-an. Sé
sa-k fè, li bon pou yo sélébré litiji ékaristik-la « chak jou ».

« Donk Ékaristi-a sé pin-nou chak jou [...].Fòs li réyèlman, sa yo doué
konprann la-a, sé fè youn-nan, pou fè nou antré nan Kò li-a, pou fè nou
tounin manb li-yo, nou tounin sa nou résévoua-a. [...] Épi sa nou tandé chak
jou nan léktu-yo nan l’Égliz-la, sé pin chak jou-a ; épi sa nou tandé épi sa
nou di nan imm-yo, sé pin chak jou-a. Sa-yo réyèlman yo nésésè pou
pèlerinaj nou-an » (S. Augustin, serm. 57, 7, 7 : PL 38, 389).

Papa-a ki nan sièl-la ap ankourajé nou pou, tankou pitit sièl-la, nou mandé
Pin sièl-la (cf. Jn 6, 51). Kris-la « sé li-minm pin-an ki an sémans nan Vièj-
la, ki lévé nan chè-a, ki pétri nan soufrans-la, ki kuit nan founèz tonbo-a, ki
konsèvé nan l’Égliz-yo, yo poté sou lotèl-yo épi yo administré kòm manjé ki
sot nan sièl-la bay fidèl-yo chak jou » (S. Pierre Chrysologue, serm. 71 : PL
52, 402D).

V. « Padoné sa nou fè-ou, tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy »

2838 Démann sa-a fè nou sézi. Si sé sèlman premié pati fraz-la li té ginyin –
1425 « Padoné nou dèt nou-yo » –, yo t-a kapab fè-l antré inplisitman nan toua
premié démann Priyè Granmèt-la, paské sakrifis Kris-la sé « pou padon
1933 péché-yo ». Min dapré dézièm pati fraz-la, yo pap kouté déman nou-an
sof si anvan nou korésponn ak yon égzijans. Démann nou-an viré nan
2631 diréksion sa k-ap vini-an, répons nou-an vini anvan ; sé pou sa yon paròl
mété yo ansanm : « tankou ».

« **Padoné sa nou fè-ou...** »

2839 Ak odas konfians-la nou té kòmansé priyé Papa nou-an. Antan nou t-
 1425 ap sipliyé-l pou-l sanktifé Non-l, nou té mandé-l pou nou toujou vîn pi
 1439 sin. Min, minmsi nou abiyé ak rad Batèm-nan, nou pa sispann fè péché
 koté-l, tankou pitit ki t-al banboché-a (cf. Lc 15, 11-32), épi nou rékonèt
 dévan-l nou sé péchè, minm jan ak piblikin-an (cf. Lc 18, 13). Démann
 nou-an kòmansé ak yon « konfésion » koté nou déklaré mizè-nou ak
 mizérikòd li-a an minm tan. Éspérans nou-an solid, paské nan Pitit li-a,
 1432 « nou gin mouayin délivrans, padon péché-yo » (Col 1, 14 ; Ep 1, 7). Sign
 éfikas padon-l nan épi nou pa kapab douté sou li, nou jouinn li nan
 sakréman l'Égliz li-a (cf. Mt 26, 28 ; Jn 20, 23).

2840 Poutan, épi sé sa ki fè nou pè, riviè mizérikòd sa-a pa kapab antré nan
 kè-nou, tout tan nou poko padoné moun ki fè nou kichòy ki mal. Rinmin-
 an, minm jan ak Kò Kris-la, yo pa kapab divizé-l : nou pa kapab rinmin
 Bondié nou pa ouè-a, si nou pa rinmin frè ak sè nou ouè-yo (cf. 1 Jn 4,
 20). Antan kè-nou réfizé gin pitié pou frè ak sè nou-yo, li fèmin, li vîn
 1864 tèlman di, sa fè mizérikòd rinmin Papa-a pa kapab antré ladan-l ; lè nou
 konfésé péché nou-yo, kè-nou ouvri pou lagras li-a.

2841 Démann sa-a tèlman inpòtan, sé sou li-minm sèl Granmèt-la tounin
 antan l-ap dévlopé prèch sou mòn-nan (cf. Mt 6, 14-15 ; 5, 23-24 ; Mc 11,
 25). Égzijans kapital sa-a nan mistè Alians-la inposib pou moun-nan.
 « Pou Bondié minm, tout bagay posib » (Mt 19,26).

« **... tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy** »

2842 « Tankou » sa-a sé pa yon sèl foua li vini nan ansègnman Jézu-a :
 « Konsa sé pou nou kòrèk nèt, *tankou* Papa-nou ki nan sièl-la li kòrèk
 nèt » (Mt 5, 48) ; « Sé pou nou gin mizérikòd, *tankou* Papa nou gin
 mizérikòd-la » (Lc 6, 36) ; « Mouin ba nou yon kòmandman nouvo, pou
 nou youn rinmin lòt *minm jan* mouin rinmin nou-an, sé konsa pou nou
 youn rinmin lòt » (Jn 13, 34). Li inposib pou kinbé kòmandman Granmèt-
 521 la, si sé yon késion imité modèl Bondié bay-la sou déyò. La-a sé yon
 patisipasion vital épi ki soti « nan fon kè-a » nan sa-k fè Bondié nou-an
 sin-an, nan mizérikòd-li épi nan rinmin li-an. Sé sèlman Éspri-a « k-ap fè
 nou viv-la » (Ga 5, 25) ki kapab fè santiman ki té nan Kris Jézu-yo tounin
 pròp santiman « nou » (cf. Ph 2, 1. 5). Lè sa-a padon-an kapab fè yon sèl
 (unité padon-an vîn posib), « pou youn padonnin lòt, *tankou* Bondié té
 padonnin nou nan Kris-la » (Ep 4, 32).

2843 Konsa paròl Granmèt-la vîn vivan osijè padon-an, osijè rinmin sa-a ki
 rinmin rivé jous nan dènié bout rinmin-an (cf. Jn 13, 1). Parabòl sèvitè san
 mizérikòd-la ki kouronnin ansègnman Granmèt-la osijè kominion nan
 l'Égliz-la (cf. Mt 18, 23-35), fini ak paròl sa-yo : « Sé konsa tou Papa-m

- 368 ki nan sièl-la ap fè avèk nou, si nou chak nou pa padonnin frè-nou ak tout kè-nou ». Sé la, réyèlman vré, nan « fon *kè-a* » tout bagay maré épi lagé. Sa pa nan pouvoua-nou pou nou pa santi sa yo fè nou ki mal-la oubyin pou nou bliyé-l ; min kè ki ofri tèt-li bay Éspri-Sin-an fè blésu-a tounin konpasion épi li pròpté mémoua-a, antan-l fè mové kou-a (ofans-la) tounin intèsésion.
- 2844 Priyè krétyin-an rivé jous nan *padon pou ènmi-yo* (cf. Mt 5, 43-44). Li transfòmé disip-la pou-l vîn konfòm ak Mèt li-a. Padon-an sé pouint tèt ki 2262 pi ro nan priyè krétyin-an ; kado priyè-a sé sèlman nan yon kè ki konfòm ak konpasion Bondié-a yo kapab résévoua-l. Padon-an témouagné sou tè-a rinmin-an pi fò pasé péché-a. Mati-yo, yè ak jodi-a, rann Jézu témouagnaj sa-a. Padon-an sé kondision fondamantal pou Rékonsiliasion (cf. 2 Co 5, 18-21) pitit Bondié-yo avèk Papa yo-a épi pou moun-yo youn ak lòt (cf. Jean-Paul II, DM 14).
- 2845 Pa gin okinn limit ni mézi pou padon sa-a ki soti ésansièlman nan 1441 Bondié (cf. Mt 18, 21-22 ; Lc 17, 3-4). Pou késion « mové kou »-yo, « ofans-yo » (« péché-yo » dapré Lc 11, 4 oubyin « dèt-yo » dapré Mt 6, 12), réyèlman vré nou tout nou gin dèt : « Nou pa doué gin okinn dèt pou pèsonn, sof pou nou youn rinmin lòt » (Rm 13, 8). Kominion Sint Trinité-a sé sous épi règ vérité ninpòt rélasyon (cf. 1 Jn 3, 19-24). Nou viv li nan priyè-a, sitou nan Ékaristi-a (cf. Mt 5, 23-24) :
- « Bondié pa aksépté sakrifis moun k-ap simin divizion épi li bay lòd kitè lotèl-la pou rékonsilé ak frè-a anvan, pou ak priyè ki fè lapè Bondié tou kapab anpè. Sakrifis ki pi gran pou Bondié sé lapè nou-an épi bòn antant tankou frè épi réyinion pèp-la nan (unité) Papa-a ak Pitit-la ak Éspri-Sin-an ki fè youn » (S. Cyprien, Dom. orat. 23 : PL 4, 535C-536A).

VI. « Pa kité nou pran nan pièj »

- 2846 Démann sa-a rivé nan rasîn sa-k té vîn anvan-an, paské péché nou-yo sé frui konsantman nan tantasion-an. Nou priyé Papa-nou pou-l pa kité 164 nou « antré » ladan-l. Li difisil pou tradui mo grèk-la ak yon sèl mo : li vlé di « pa pèmèt nou antré nan... » (cf. Mt 26, 41), « pa kité nou sikonbé nan tantasion ». « Bondié réyèlman pa gin lidé fè sa-k mal, li minm li pa tanté pèsonn » (Jc 1, 13), okontrè li vlé libéré nou anba tantasion-an. N-ap priyé-l pou-l pa kité nou antré nan chémin ki minnin nan péché-a. N-ap 2516 konbat ant « lachè-a ak Éspri-a ». Démann sa-a mandé Éspri disènman-an ak fòs-la.
- 2847 Éspri-Sin-an fè nou *disèné* ant éprèv-la, ki nésèsè pou progrè moun-nan sou paranndan-an (cf. Lc 8, 13-15 ; Ac 14, 22 ; 2 Tm 3, 12) pou rivé nan yon « andirans » (vertu éprouvée) (Rm 5, 3-5), épi tantasion-an ki minnin nan péché-a ak nan lanmò-a (cf. Jc 1, 14-15). Nou doué disèné tou ant « afronté tantasion-an » épi « konsanti bay tantasion-an ». Anfin

- 2284 disènman-an démaské manti ki nan tantasion-an : an aparans, objè li-a « bon [...], li bèl pou jé, aspè-l bay plézi » (Gn 3, 6), pandan réyèlman vré frui-li sé lanmò.
- « Bondié réyèlman pa vlé pèsonn fè byin paské yo fòsé-l fè-l, min paské li vlé [...]. An plis sé pou sa tantasion-an itil. Sa nanm-nou résévoua kaché pou tout moun sof pou Bondié, minm pou nou-minm, yo vîn manifésté palintèmediè tantasion-yo, pou sa nou yé-a pa kontinué kaché pou nou, min pou nou konnin-l, nou santi si nou vlé pròp malè-nou, épi nou rann gras pou sa-k bon-yo ki vîn parèt palintèmediè tantasion-yo » (Origène, or. 29).
- 2848 « Pa pran nan pièj » (« Pa antré nan tantasion ») inpliké yon *désizion* *kè-a* : « Sèké koté trézò-ou la yé-a, sé la kè-ou ap yé tou. [...] Pèsonn pa kapab sèvi dé mèt » (Mt 6, 21. 24). « Si sé Éspri-a k-ap fè nou viv, sé dapré Éspri-a tou pou nou maché » (Ga 5, 25). Nan « konsantman » sa-a 1808 nou bay Éspri-Sin-an, Papa-a ba nou fòs. « Tantasion-an pa sézi nou sof sa moun kapab poté ; Bondié minm fidèl, li minm ki pa kité yo tanté nou dépasé sa nou kapab poté, min l-ap fè avèk tantasion-an minm, nou jouinn mouayin soti, pou nou kapab sipoté » (1 Co 10, 13).
- 2849 Kalité konba sa-a minm épi kalité viktoua sa-a, yo pa posib si sé pa nan priyè-a. Gras a priyè-a, Jézu ranpôté viktoua sou sa k-ap tanté-a, dépi 540, 612 nan kòmansman (cf. Mt 4, 1-11) épi nan dènié konba agoni li-an (cf. Mt 26, 36-44). Kris-la fè nou fè youn ak konba li-a épi ak agoni li-an nan 2612 démàn sa-a nou adrésé bay Papa-a. Yo raplé *vijilans* kè-a avèk insistans an kominion avèk vijilans li-a (cf. Mc 13, 9. 23. 33-37 ; 14, 38 ; Lc 12, 35-40). Vijilans-la sé « kinbé kè-a » épi Jézu priyé Papa-l pou-l kinbé nou nan Non-l (Jn 17, 11). Éspri-Sin-an ap chèché révéyé nou san rété pou vijilans sa-a (cf. 1 Co 16, 13 ; Col 4, 2 ; 1 Th 5, 6 ; 1 P 5, 8). Démàn sa-a 162 vîn gin yon signifikasyon trajik parapò a dènié tantasion konba nou-an sou tè-a ; l-ap mandé *pèsévérans final-la*. « Min m-ap vini tankou yon vòlè. Kontantman pou moun k-ap véyé » (Ap 16, 15).

VII. « Min délivré nou ak sa ki Mal »

- 2850 Dènié démàn nou adrésé bay Papa nou-an rapôté tou nan priyè Jézu-a : « Mouin pa priyé pou-ou ouété yo sot sou tè-a, min pou-ou présèvé yo sot anba Malin-an » (Jn 17, 15). Li konsèné nou, nou chak pèsonèlman, min nou toujou yon « nou » k-ap priyé, an kominion ak tout l'Égliz-la épi pou libérasion tout fanmi lèzòm. Priyè Granmèt-la pa sispann ouvri 309 dimansyon Déroulman projè sovè nou sovè-a (Économie du salut) pou nou. Dépendans-nou youn parapò a lòt nan dram péché-a ak lanmò-a vîn chanjé pou-l tounin solidarité anndan Kò Kris-la, pou-l tounin « kominion sin-yo » (cf. RP 16).
- 2851 Nan démàn sa-a, Mal-la pa yon abstraksion, sé yon pèson li dézigné, Satan, Malin-an, anj k-ap opozé ak Bondié-a. « Diab »-la (*dia-bolos*) sé sa

- 391 ki « jété-l an travè » projè Bondié-a épi « travay salu-a » ki akonpli nan Kris-la.
- 2852 « Li t-ap touyé moun dépi nan kòmansman-an [...], li sé mantè épi li sé papa manti » (Jn 8, 44), « Satan-an, li minm ki t-ap tronpé tout tè-a » (Ap 12, 9), péché-a ak lanmò-a antré sou tè-a akòz li épi sé nan pèdi l-ap pèdi batay-la définitivman tout kréasion-an « ap libéré ni ak péché, ni ak lanmò » (MR, prière eucharistique IV). « Nou konnin tout moun ki fèt sot nan Bondié pa fè péché ; min Pitit Bondié-a fè-l kinbé fèm, Mové-a pa touché-l. Nou konnin sé nan Bondié nou soti, tout tè-a minm instalé nan Mové-a » (1 Jn 5, 18-19) :
- « Granmèt-la minm gin pouvoua, li-minm ki ouété péché nou-an épi ki padoné fot nou-yo, pou-l protéjé épi kinbé nou kont pièj Djab-la k-ap konbat nou-an, pou ènmi-an ki abitué anjandré fot koupab-la pa siprann nou. Min moun ki rinmèt tèt-li bay Bondié pa pè Djab-la. “Si” réyéلمان “Bondié pou nou, kilès ki kapab kont nou ?” (Rm 8, 31) » (S. Ambroise, sacr. 5, 30 : PL 16, 454AB).
- 2853 Viktoua-a sou « chèf tè sa-a » (Jn 14, 30) nou déjà ginyin-l, yon sèl
677 foua pou tout tan, nan Lè sa-a koté Jézu té rinmèt tèt-li libréman bay
lanmò-a pou-l kapab ba nou lavi-a. Lè sa-a jijman tè sa-a fèt épi chèf tè
sa-a « yo jété-l déyò » (cf. Jn 12, 31 ; Ap 12, 10). « Li pèsékité madanm-
nan » (cf. Ap 12, 13-16), min li pa gin priz sou li : nouvo Èv-la, « plin
490 lagras » Éspri-Sin-an, prezèvé anba péché-a ak dékonpozision lanmò-a
972 (Imakilé Konsépsion épi Asonpsion Trè Sint Vièj Mari, Manman Bondié).
« Épi dragon-an faché sou madanm-nan, épi li pati al fè lagè kont rès
désandans li-yo » (Ap 12, 17). Sé poutèt sa, Éspri-a ak Égliz-la priyé :
« Vini, Granmèt Jézu » (Ap 22, 17. 20) paské Avènman-l nan ap libéré
nou anba Mové-a
- 2854 Antan nou mandé pou nou libéré anba Mové-a, nou mandé tou pou nou
libéré anba tout mal, prézan, pasé épi k-ap vini, Mové-a ki fè yo oubyin ki
pousé fè yo-a. Nan dènié démann sa-a, l'Égliz-la poté kè séré tout tè-a
dévan Papa-a. Avèk libérasion anba sa-k mal-yo k-ap krazé ras moun-nan,
l-ap mandé kado lapè-a ki gin anpil valè-a épi lagras pèsévérans nan tann
Kris-la tounin. Antan l-ap priyé konsa, nan umilité lafoua-a, l-ap antisipé
2632 tounin tout moun-yo ak tout bagay-yo ap tounin anba yon sèl tèt-la nan
Sa-a ki gin « klé lanmò-a ak anba tè-a » (Ap 1, 18), « li-minm ki la, ki té
la, k-ap vini, li-minm ki gin tout pouvoua-a » (Ap 1, 8 ; cf. Ap 1, 4) :
- « Granmèt, tanpri souplé délivré nou ak tou sa ki mal. Fè kè nou pozé
pandan tout lavi nou. Édé nou pou jan ou gin bon kè. Délivré nou nèt ak tout
péché nou-yo é protéjé nou, pou okinn malè pa rivé nou. N-ap espéré byin
1401 ou promèt nou-an: Sovè nou, Jézu-Kri k-ap vini-an » (MR, Embolisme).